Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 7 (7325) РУЗМАН 24 февраль 2023 сон

12+

## Баркула ВатIан цIунулесул къо




***ХIурматиял ракьцоял, рагъул ветеранал, офицерал, солдатал, киналго рагъулаб форма ретIарал! Къабул гьабе ВатIан цIунулесул къоялда хурхун ракI-ракIалъулаб барки!***

23 февраль – гьеб буго тIолабго ВатIан чIухIиялъул къо. Жидеца ракIбацIцIадго ва бахIарчилъиялда улкаялъул эркенлъи ва чияда бай гьечIолъи цIунулел къуватал бихьиназул байрам.

Гьаб къоялъ нижеца адабалда рехсола киналго, захIматал шартIазда армиялда хъулухъ гьабурал бихьинал. РакIалде щвезарула жидерго сахлъиялъухъ ва гIумруялъухъ балагьичIого халкъалъул рекъелалъе ва рахIатаб гIумруялъе гIоло къеркьарал рагъухъаби.

Жакъа хасаб баркала загьир гьабизе бокьун буго нилъерго ракьцоязе жидеца ритIухъго ва ракIбацIцIадго Россиялъе гьабулеб хъулухъалъухъ. Гьезул щивав хIадур вуго бокьараб заманалда улкаялда цебе жидедаго тIадаб налъи тIубазабизе ва ВатIан цIунулев абураб цIар чIухIун рехсезе.

Хасаб баркала буго жакъа жидер бихьинал ВатIан цIунизе арал хъизаназе. Нужер сабру, гIакълу ва къо хIехьей – буго гьезие мугъ чIвалеб хIубилъун. Нижер киназулго масъала – бергьенлъи гIагар гьабиялъе гIоло къеркьей.

Нилъер районалда цониги хутIун гьечIо КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи. Гьел нижеда киданиги кIочене гьечIо ва хутIизе руго гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун. Нилъеда тIадаб буго гьел хIурматалда, хасаб чIухIигун рехсезе.

РакI-ракIалъго гьарулеб буго щибаб хъизаналъе щулияб сахлъи, сундулъго битIккей ва талихI. Нижер солдатазе – бергьенлъигун сах-саламатго рокьоре тIадруссин.

*ХIурматгун,*
***«ЧIарада район» МОялъул бетIер***
***М. А. МУХIАМАДОВ***

## Орденалъе мустахIикълъана



Украинаялъул ракьалда СВО байбихьаралдаса нахъе нилъер улкаялъул тIадкъай тIубазабулаго жиндирго рагъулаб хъулухъ ракIбацIцIадго гьабулеб буго 1996 соналда гьавурав ЧIарада районалъул Чанаб росулъа ГIумаров Салман МухIамадовичас.

ХIинкъи-къай лъалареб бахIарчияб хъулухъалъухъ гьесие щвана «Бихьинчилъиялъул орден».

Прапорщик, медпунктальул нухмалъулев Салман ГIумаровас «ВмедиА» рагъулабгун медициналъулаб академия лъугIараб 2019 соналдаса хадуб жакъасеб къоялде щвезегIан хъулухъ гьабулеб буго СВОялъул зонаялде битIун букIараб 200-абилеб хасаб мотострелковияб бригадаялда.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас жиндирго цIаралдаса ва районалда гIумру гьабулел тIолалго захIматчагIазул рахьалдаса рагъухъанасул эмен МухIамад ГIумаровасда баркана васасе щвараб тIадегIанаб шапакъат - «Бихьинчилъиялъул орден» ва баркала кьуна гьединав лъикIаб рахьалдаса районги республикаги бихьизабулев, улкаялъе ритIухъав вас гIезавуралъухъ.






## Оперативияб ахIвал-хIалалъул ва информационияб хъулухъалъул хIалтIул хIисаб кьуна

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь райадминистрациялъул заседаниязул залалда тIобитIана иргадулаб данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас, росабазул поселениязул бутIруз ва учреждениязулгун организациязул нухмалъулез.



Байбихьуда районалъул бетIерас рицана повесткаялда ругел суалазул ва рихьизаруна тIуразариялъе ругел аслиял масъалаби.

ТIоцебесеб суалалда хурхун кIалъазе вахъарав Россиялъул МВДялъул ЧIарада районалда бугеб отделалъул начальник МусахIажи Саламовас данделъаразе баян гьабуна 2022 соналъул 12 моцIалда жаниб оперативиябгун хъулухъалъулаб хIалтIулъ ккарал хIасилазул ва бугеб ахIвал-хIалалъул.

Гьес баян гьабуна ЧIарада районалда цохIого 2022 соналда гуребги церехунисел сонадаги оперативияб ахIвал-хIал гIодобе биччараб букIанилан.

Саламовасул рагIабазда рекъон районалда криминогенияб ахIвал-хIалалъул гьабураб анализалъ бихьизабулеб буго хIисаб кьеялъул заманалда такъсирчилъи гIодобе ккун букIин.

Гьедин, 2022 соналъул 12 моцIалда жаниб хъвай-хъвагIай гьабун буго 14 такъсиралъул, гьелдаса 13 рагъун буго. БакIаб такъсир рагьиялъул гьабун буго ункъо хъвай-хъвагIай, районалда гьел рагьи 100 проценталъулаб буго.

Церехун соназда букIараб 2 (цIогьодиялъул ва чи чIваялъул) такъсир рагьун буго. Наркоманиялъул рахьалъ ЧIарада ОМВДялъул учеталда цониги чи гьечIо.

Ккун гьечIо цохIониги хIужжа ярагъ хIалтIизабиялъулги. ЛъикIал хIасилал рихьизарулел руго наркотикал тIиритIизариялде данде чIун гьарулел хIалтIабазулъ. 2022 соналъул 31 декабралде учеталда лъун руго профилактикиял хIалтIабазда гьоркь ругел 14 чи: гьездаса административияб хал кквеялда руго – 2; формачилъи хIисабалда административияб кквеялда – 5; алкоголизмалъ унтарал – 4; наркоманиялъ унтарал – 0; хъизаназда гьалмагъир гьабулел – 3.

2022 соналъул 12 моцIалда Россиялъул МВДялъул ЧIарада районалъул отделалъ тIатинаруна 1915 административияб гIадлу хвезабиялъул хIужжаби, гьездаса бахъун буго 1 млн 153 азаралда 700 гъурущалъул къадаралда гIакIа. Полициялъул розыскалда ругел, РФялъул гIорхъабаздаса къватIирехун ругел кIигояя лъазарун руго халкъазда гьоркьосеб розыскалда.

Законалде данде кколареб къагIидаялда ярагъ хIалтIизабиялъул хъвай-хъвагIай гьабун рагьун буго цо хIужжа. 2022 МВДялъул отделалде жидеего бокьун кьун буго 2 туманкI.

Законалде данде кколареб къагIидаялда наркотикал тIиритIизариялъул хъвай-хъвагIайги гьабун рагьун буго 4 такъсир.

Гьединго росабазул поселениязул бутIрузухъе чанго нухалда ритIана лъазариял гIадлу-низам хвезабичIого букIиналъе гьаризе кколел тадбиразул. ХIисабалде босун буго росабалъ санитарияб гIадлу-низам букIинабизеги, гьеб рукIалиде ккезабизе ккеялъул суалазул (битIун буго 30 кагъат, жаваб бачIун буго 25). Гьездаса 15 санитарияб ахIвал-хIалалда хурхараб, 1 ЦIуриб базаралда



хIинкъи гьечIолъиялъул паспорт гьечIолъиялда бан, 1 спортивиял къецал тIоритIулаго хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда бан, 1 къватIул гьабзазда хурхун, 12 кагъат битIун буго школазул директоразухъе гIаммаб лъай кьолел цIалул заведениязда хIинкъи гьечIолъи букIинабизе ккеялъул суалал рорхараб. ГIемерисел поселениязул бутIруз тIаса-масаго толеб буго рищни бакIариялъул суал.

ЧIарада районалда ругел школазул, лъималазул ахазул, учреждениязул ва организациязул гIемерисезул руго терроралдаса цIуниялъе паспортал. Руго жеги хIалтIи гьабизе ккарал паспорталги.

ОМВДялъул хIалтIухъабаз таманалго лъазариял ритIун руго росабазул поселениязул бутIрузухъе, учреждениязул ва организациязул нухмалъулезухъе гIалхуда бижулеб канапля тIатинабиялъе ва лъугIизабиялъе гьаризе кколел тадбиразул. ГьечIо гьез гьеб рахьалъ гьабулеб кинабгIаги хIалтIи. Нижер суалазеги гьез тIаса-масагоял жавабал ритIун рачIунел руго.

«Дида ракIалде ккола ургъун, цадахъ рекъон гьабураб хIалтIуца ругел гIунгутIаби лъугIизариялъе ресал ратилин ва гьел лъугIизаризе кIвела», – ян лъазабуна ОМВДялъул начальникас.

Хадуб 2022 соналда «ЕИС» МБУялъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьезе яхъана гьелъул директор Земфира МухIамадова. Гьелъ мухIканго бицана районалда информациялъулаб хъулухъалъ гьабулеб бугеб кIвар цIикIкIараб

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

# Объединение ПФР и ФСС: что изменится для клиентов

**С 2023 года в нашей стране появился Социальный фонд России. Это произошло путём слияния Пенсионного фонда и Фонда соци-**



**ального страхования. О том, что изменилось в части обслуживания граждан после объединения двух ведомств расскажет руководитель клиентской службы в Чародинском районе отделения СФР по Дагестану Абдулазизов Залумхан Гасанович.**

***Были ли какие-то сложности в процессе так называемого «переходного периода»?***

Взаимодействие на уровне нашего Чародинского района происходило вполне слаженно. Мы синхронизировали график приема граждан, регулярно проводили переподготовку сотрудников, которые сейчас уже оказывают услуги в нашей клиентской службе Социального фонда. В процессе повышения квалификации специалисты ПФР обучались услугам ФСС, и наоборот.

Благодаря объединению все услуги по линии ПФР и ФСС можно будет получить в одном месте в рамках «одного окна», что существенно упрощает порядок получения выплат. Все работники обоих структур сохранили свои рабочие места.

***Не стало ли объединение двух ведомств итоговой частью глобальной автоматизации всей социальной системы в нашей стране?***

Мы автоматически оформляем пенсии по инвалидности, проактивно выдаем сертификаты на маткапитал. После того как женщина рожает ребенка, по данным единого государственного реестра (ЕГР ЗАГС), которые поступают в межрегиональный информационный центр СФР в г.Москва, формируются электронные сертификаты беззаявительно и отправляются в «Личный кабинет» мамочки на портале госуслуг. В Дагестане выдано около 60 тысяч сертификатов именно в проактивном режиме.

Самый актуальный вопрос – выплаты по линии Соцфонда. Мы стараемся делать все самостоятельно. Например, по выплате единого пособия на детей от 0 до 17 лет, подается только заявление через портал госуслуг, дальше все процессы запускаются автоматически. Для оценки имущества мы запрашиваем в налоговой службе доходы на родителей и детей, в Росреестре информацию об имуществе, в МВД – о наличии автомобиля и ещё дополнительную информацию. Большая часть выплат назначается в течение десяти рабочих дней. И эта работа будет продолжаться.

***Изменилось ли что-нибудь в части приём граждан в учреждениях Социального фонда республики?***

– Теперь к многочисленным услугам по линии пенсионного и социального законодательства в клиентских службах можно оформить технические средства реабилитации для инвалидов, оформить путевку в санаторий, выбрать или изменить способ получения пенсии, а также заказать справку о праве на предпенсионные льготы. Бывший Пенсионный, а сегодня Социальный фонд, так или иначе, ассоциируется с электронными сервисами.

***Что вы сегодня предлагаете своим клиентам в этом направлении?***

Мы рады каждому клиенту, а вот его право выбирать, пользоваться нашими электронными сервисами, или же прийти лично. И мы стараемся сделать такой визит максимально быстрым и комфортным. Но, прежде всего – запись на прием через сайт или по телефону. В ходе предварительной записи специалисты уточняют причину обращения и предлагают альтернативное решение вопроса, если это возможно. Пошагово подсказывают, как получить услугу без визита. А если человек пришел не по записи, администратор КС проконсультирует посетителя, и помогает воспользоваться электронным терминалом, если это необходимо.

Кроме того, неотъемлемая часть нашей работы – экстерриториальность, то есть без привязки к месту жительства. Мы стараемся предложить получить сразу все выплаты, на которые человек имеет право по своему статусу – пенсионера, инвалида, родителя, – а не только выплаты, за которыми он обратился.

**Универсальное пособие нуждающимся семьям с детьми!**

***Как обстоят дела с самым востребованным на сегодняшний день направлением работы вашего ведомства?***

В Дагестане количество поданных заявлений с начала года составляет более 150 тысяч, из них половина одобренных. Единое пособие заменило нуждающимся семьям ряд действовавших ранее мер поддержки. Две ежемесячные выплаты на первого ребенка, ежемесячные выплаты на детей от 3 до 7 лет и детей от 8 до 17 лет, а также ежемесячное пособие беременным женщинам.

Важно то, что государство даёт уникальную возможность – обращаться за мерами поддержки, не выходя из дома, и предоставляются через портал gosuslugi.ru. В последнее время граждане получают информацию через госуслуги о состоянии пенсионного счета и накопленного стажа.

***Вопросов много, что, в связи с этим необходимо делать?***

– Мы действительно с прошлого года начали проактивно информировать россиян о размере сформированной пенсии и условиях, при которых она назначается. Помимо данных о страховой пенсии в уведомлении также указан размер пенсионных накоплений.

Данные приходят в личный кабинет на портале госуслуг мужчинам, достигшим 45 лет, и женщинам 40 лет. И если вы видите, что ваши права учтены не в полном объёме, необходимо обратиться в СФР.

Вы просто видите накопленные на текущий момент пенсионные права, включая стаж и коэффициенты, и, самое главное, размер пенсии, рассчитанный по этим параметрам. Это помогает, прежде всего, планировать дальнейший трудовой путь.

***Где можно получить актуальную информацию обо всех направлениях работы Социального фонда?***

У Социального фонда России очень познавательный сайт – https://sfr.gov.ru/, заходите, в том числе и на домашнюю страничку нашего Отделения, где уверяю вас, найдёте ответы на все свои вопросы. Кроме того, наши земляки могут подписаться на наши странички в социальных сетях –

***https://t.me/+r6ySoNxPIZg4NzRi телеграм***

***https://vk.com/public80544420 вконтакте***

***https://ok.ru/pensionnyfond.rfporespdagestan одноклассники.***

***Ну и телефон регионального колл-центра ОСФР по Дагестану – 8 800 600 03 17, и Единого контакт-центра СФР – 8 800 600 00 00.***

# ПО СИГНАЛАМ ОПОВЕЩЕНИЯ ГРАЖДАНСКОЙ ОБОРОНЫ

Сигналом оповещения гражданской обороны называется условный сигнал, передаваемый по системе оповещения и являющийся командой для осуществления определенных мероприятий штабами, службами, силами гражданской обороны и населением.

*Существуют следующие сигналы гражданской обороны:*

- «Воздушная тревога»;
- «Радиационная опасность»;
- «Химическая тревога»;
- «Угроза катастрофического затопления»;
- «Отбой воздушной тревоги»;
- «Отбой радиационной опасности»;
- «Отбой химической тревоги»;
- «Отбой угрозы катастрофического затопления».

Услышав сигналы предупреждения о непосредственной угрозе нападения противника, действуйте быстро и деловито. Не поддавайтесь паническим настроениям. Помните, что умелые и четкие ваши действия по сигналу «Воздушная тревога», знание мест расположения защитных сооружений и строгое соблюдение правил поведения в этот период позволят вам своевременно принять меры защиты и спасти жизнь себе и товарищам.

**Сигнал гражданской обороны «Воздушная тревога»**

Подается для предупреждения всего населения о возникшей *непосредственной угрозе ракетной и авиационной опасности* по поражению противником данного муниципального района (городского округа) с воздуха. С этой целью используются все технические средства связи и оповещения, включаются электросирены, которые подают продолжительный (в течение 3 мин) завывающий сигнал. Одновременно по местному радиовещанию в течение 2-3 мин передается сигнал гражданской обороны (текстовое сообщение): *«ВНИМАНИЕ! ВНИМАНИЕ! Граждане! Воздушная тревога! Воздушная тревога! и далее идет обращение к гражданам о порядке их действия».*

Этот же сигнал (сообщение) будет передаваться и по телевидению, а также повсеместно дублироваться прерывистыми сигналами сирен предприятий, гудками тепловозов, судов и других транспортных средств.

По сигналу «Воздушная тревога» предусматривается прекращение работы и деятельности сотрудниками, служащими и работниками (далее – персонал) в зависимости от специфики деятельности персонала, поэтому в каждой организации, с учетом специфики его деятельности, органом, осуществляющим управление гражданской обороной разрабатываются действия персонала по сигналам гражданской обороны.

**Услышав сигнал «Воздушная тревога» население обязано:**

*а) при нахождении на работе или в учебном учреждении:*

*− выполнить мероприятия, предусмотренные на этот случай инструкцией, разработанной для данной организации (прекратить работу или занятия);*

*− отключить наружное и внутреннее освещение, за исключением светильников маскировочного освещения;*

*− взять средства индивидуальной защиты и закрепить противогаз в «походном положении»;*

*− как можно быстрее занять место в защитном сооружении гражданской обороны (убежищах и противорадиационных укрытиях) или же в сооружениях двойного назначения (подвальные помещения, которые переоборудуются под противорадиационные укрытия);*

*− если персонал не может покинуть рабочее место, в связи со спецификой его деятельности, необходимо занять укрытие, оборудованное поблизости от рабочего места.*

*б) при нахождении в общественном месте или на улице необходимо:*

*− внимательно выслушать сообщение, передаваемое по стационарным или передвижным громкоговорящим установкам о местонахождении ближайшего укрытия и поспешить туда, приведя имеющиеся средства индивидуальной защиты в «готовность»;*

*− водители всех транспортных средств обязаны немедленно остановиться, открыть двери, отключить транспортное средство от источников электропитания и поспешить в ближайшее укрытие.*

*в) если сигнал застал вас дома, необходимо:*

*− перекрыть газ, воду, отключить электричество;*

*− плотно закрыть окна, двери, вентиляционные и другие отверстия;*

*− возьмите с собой документы, деньги, «тревожный чемоданчик» – аптечка первой помощи и необходимые (индивидуальные) для Вас лекарства, фонарик и запас батареек, спички, газовые зажигалки, перочинный* (универсальный) нож, нитки, иголки, ножницы и т.п., средства связи, с зарядными устройствами и сменными элементами питания;

*− возьмите с собой запас воды и запас продуктов на трое суток; одноразовую посуду, средства личной гигиены;*

*− одеть детей, взять с собой теплые и сменное белье (нижнее белье и носки), в зависимости от погодных условий;*

*− взять средства индивидуальной защиты (противогаз, респиратор, средства защиты кожи или приспособленную для защиты кожи одежду, обувь, перчатки);*

*− надеть противогаз и закрепить его в «походном положении»;*

*− предупредить соседей, вдруг они не услышали сигнал;*

*− оказать помощь больным, детям, инвалидам, престарелым;*

*− как можно быстрее дойти до защитного сооружения гражданской обороны, а если его нет, использовать сооружения двойного назначения или другие сооружения (подземные переходы, тоннели или коллекторы и другие искусственные укрытия), при отсутствии их используйте естественные укрытия (любую траншею, канаву, овраг, балку, лощину, яму и другие).*

В сельской местности кроме перечисленных выше мероприятий по сигналу «Воздушная тревога» скот загоняют в закрытое

***(Продолжение на 3 стр.)***

# Расулил 100 сон тIубаялде



Районалъул Централияб библиотекаялъул системаялъул хIалтIухъабаз Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялде гьабураб видеороликалда бицунеб буго Расулил гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ. Гьенир рихьизарун руго дунялалдаго цIар рагIарав поэт ЧIарада районалде вачIараб заманалда рахъун рукIарал суратал ва видеоял. Р. ХIамзатовасул ва гьесул гьуналъул тIей гьечIеб бухьен буго нилъер районалъулгун. Нилъер районалъул тарихалда хас гьабун хъван буго 1981 соналда ЦIуриве Расул ХIамзатов вачIун вукIиналъул хIакъалъулъ.

Расулил гIумруялъул ва нахъа тараб лъалкIалъул хал гьабуни, гьес хIурматияб къагIидаялда тIамун буго жиндирго гIумру.

КIудияв шагIирас кидаго свин гьечIел ракIалде щвеял тана нилъее.

# ОМВД России по Чародинскому району предупреждает!




В последнее время на территории РФ участились чрезвычайные происшествия, связанные со взрывами бытового газа в многоэтажных жилых домах, с большим количеством пострадавших граждан.

Несмотря на принимаемые меры, подобного рода трагедии повторяются из года в год с наступлением похолоданий.

Основными их причинами являются не соблюдение требований безопасности при установке в жилых домовладениях отопительных котлов, газовых колонок, неисправности электропроводки, использования несертифицированных или самодельных обогревательных приборов.

На основании изложенного и в целях профилактики происшествий, связанных с отравлениями граждан угарным газом и возникновением пожаров из-за неисправности обогревательного и газового оборудования доводим до сведения населения о необходимости соблюдения мер безопасности, недопущении использования несертифицированных самодельных обогревательных приборов, газовых колонок, неисправных обогревательных приборов, электропроводки.

# ОГИБДД ОМВД России по Чародинскому району информирует!

Согласно п. 2.3.4 ПДД, находясь в темное время суток или в условиях ограниченной видимости на проезжей части или обочине – в случае вынужденной остановки или ДТП – нужно надеть куртку или жилет со световозвращающими элементами.

**Почему это так важно?** Ночью при свете фар человек в черной одежде виден с расстояния около 17 метров, в желтой – с 37 метров, белой – с 55 метров.

А в световозвращающем жилете заметить человека на дороге можно со 150 метров. В ситуации, когда пришлось остановиться на дороге – это необходимый элемент безопасности.

Сделайте себя заметным для других участников дорожного движения!

***Начальник ОМВД России по Чародинскому району***
***М. САЛАМОВ***




На территории РФ работает круглосуточная линия всероссийского детского телефона доверия по номеру 8-800-2000-122. Звонок с любого мобильного или стационарного телефона на этот номер бесплатный.

# Оперативияб ахIвал-хIалалъул ва информационияб хъулухъалъул хIалтIул хIисаб къуна

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

хIалтIул, районалъул администрациялъул хасаб сайталъул, ва социалиял гьиназул. Земфира МухIамадовалъ гьединго баян гьабуна «ЧIарада» районалъул газеталда лъезе материалал хIадур гьариялъул, видеороликазул, районалъул администрациялъул информациялъулабгун коммуникационнияб технология ва программалъулаб хьезабиялъул, МЦУ, «Инцидент Менеджмент», (ПОС), Госпабликал гIуцIабазул, гьединго печаталде кьезе районалъул «ЧIарада» газета хIадур гьабулеб куцалъулги.

«2022 соналда «ЧIарада» газеталда рахъана киналго районалъул захIматчагIазе хIажалъулел, гьез кIвар буссинабизе ккарал материалал. Районалда газета тIибитIизабула почталдаса ва «ЕИС» МБУялдаса хIалтIухъабазул жигаралдалъун.

Араб соналда къватIире риччарал «ЧIарада» газеталъул 52 номералда рахъун руго 680 материал, гьезда гьоркьор руго макъалабиги, репортажалги, цIиял харбалги, учредителазул нормативиялгун ихтияразул документалги.

Араб соналда хисана редакциялъул хIалтIухъабазул гIуцIи. Буго жеги цо бакI творческияв хIалтIухъанасе. БатIи-батIиял гIиллабаздалъун гьеб цIезабизе кIолеб гьечIо, гьездаса аслияб – хIалтIизе бокьаразул хIалтIул



хIалбихьи ва хасаб лъай гьечIолъи.

Гьеб киналъухъго балагьичIого нижеца жигар бахъулеб буго цере лъурал масъалаби цадахъ лъугьун дандран, ракIбацIцIадго тIуразаризе. Гьедин цебе лъураб, халкъиябгун политикияб газета анкьида жаниб цо нухалда къватIибе биччаялъул тIадкъай тIубазабулеб буго гIужда.

БичIчIулеб жо буго жеги кIвар кьезе ккарал масъалаби гIемерал рукIин, гьезда тIад хадурккун жеги хIалтIизе руго. Аслияб къагIидаялда кIвар буссинабизе ккун буго газетазе подписка гьабиялде ва гьел тIиритIизариялде», – ян лъазабуна директоралъ.

Цинги совещаниялда гьоркьоб лъураб ихдалил призывалъул кампания тIобитIиялъул суалалда хурхун районалъул бетIерас аслияб кIвар буссинабуна гьеб тIобитIулаго гражданазул ихтиярал цIунизе ккеялде. Призывалъулаб гIумруялда ругел гIолохъабазда ва гьезул гIагарлъиялда гьоркьоб гьабулеб бичIчIи кьеялъулаб хIалтIи гIуцIараб къагIидаялда гьабизе ккеялда.

Призыв байбихьилалде гражданал цереккунго хIадуриялъул иш цIакъ мухIканго, ургъун гьабизе тIадчIей гьабуна районалъул бетIерас. «Гьанже заман щун буго призывалъул гIумруялда ругезда ва гьезул улбузда рагъулабгун медициналъулаб комиссия гьабиялъул мурадалда рагъулаб комиссариаталде рачIине кколебльи лъазабизе. Гьединго, армиялде ритIичIого рукIиналъе ругел гIиллабазул военкоматалда лъазабизе. Кинал гIиллаби ратунги армиялдаса рахчулезе рагъулал билетал щвезе рес гьечIо. БичIчIизе ккараб жо буго армиялда хъулухъ гьабиялъ лъикIаб хIалтIи щвеялъе тIадеги рес кьолебльиги», – ян баян гьабуна МухIидин МухIамадовас.



# ПО СИГНАЛАМ ОПОВЕЩЕНИЯ ГРАЖДАНСКОЙ ОБОРОНЫ

*(Продолжение. Начало на 2 стр.)*

помещение или в естественные укрытия (овраги, балки, лощины, карьеры и т.д.).

Во всех случаях внимательно прислушивайтесь к распоряжениям органов, осуществляющих управление гражданской обороной (Главное управление МЧС России по Республике Дагестан; структурные подразделения территориальных органов федеральных органов исполнительной власти, уполномоченные на решение задач в области гражданской обороны; структурные подразделения (работники) организаций, уполномоченные на решение задач в области гражданской обороны), а также к распоряжениям формирований охраны общественного порядка и неукоснительно выполняйте их.

**Сигнал «Отбой воздушной тревоги»** подается для оповещения населения о том, что угроза непосредственного нападения противника миновала.

Он доводится по радио и телевизионным сетям, через каждые 3 мин дикторы повторяют в течение 1-2 мин: *«ВНИМАНИЕ! ВНИМАНИЕ! Граждане! Отбой воздушной тревоги! Отбой воздушной тревоги!».* Сигнал дублируется по местным радиотрансляционным сетям и с помощью передвижных громкоговорящих установок.

После объявления этого сигнала население действует в соответствии со сложившейся обстановкой:

а) персонал и учащиеся возвращаются к месту работы (учебы) или к месту сбора формирований и включаются в работу по ликвидации последствий нападения;

б) неработающее население вместе с детьми возвращается домой и действует в соответствии с объявленным порядком или режимом радиационной защиты.

**Все население должно находиться в готовности к возможному повторному нападению, внимательно следить за распоряжениями и сигналами органов, осуществляющих управление гражданской обороной.**

УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!

**В случае беды немедленно сообщите в экстренные службы по телефонам:**

**«112» – Единая служба спасения.**

***ОНД и ПР № 16 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД***

# ЦIулда росулъ мажлис

Дагъал къояз цебе нилъер районалъул ЦIулда росулъ тIобитIана мажлис. Гъениб гIахьаллъи гьабуна районалъул имамзабазул Советалъул председатель ШагIбан ХIапизовас, къарахъ участкаялъул киналго росабазул имамзабаз, рачIун рукIана цогидал районазул имамзабиги, гIемерал гIадамалги.

Районалъул имам ШагIбан ХIапизовасги цогидал кIалъазе рахъаразги лъикIал вагIзаби ва насихIатал гьаруна тIаде гIун бачIунеб гIелалъе исламияб тарбия кьезе ккеялда, гьезулъ ВатIаналде, гIураб ракьалде рокьи цIикIкIинабизе ккеялда хурхарал суалаздаса. Цере рукIарал умумуз, кигIанго захIматаб заман бачIаниги динги, яхI-намусги, гьабулеб хIалтIи-пишаги рехун течIого кинабго цадахъ бачулеб букIараб куцалъул. ГIолохъанлъиялъ гьездаса мисал босизе жо гIемераб букIиналъулги бицана кIалъазе рахъараз.

Гьелдаго цадахъ мажлисалда жигараб гIахьаллъи гьабуразе, гьенир кIалъазе рахъаразе ва цо-цо диниял церехъабазе кьуна ракIалде щвеялъе сайгъатал. ГIолохъанаб гIелалъги рагIи кьуна умумузул нухдаса таричIого церехун ине ва гьезул мисалалда гIумру гьабизе бугилан.

ЦIулда росдал жамагIаталъ лъикIаб хIурмат ва гьоболлъи гьабуна мажлисалда гIахьаллъаразе, гьезие кьуна тIагIамаб квенги. Гьеб киналдасаго данделъарал разиго хутIана.

*ХI. ГIУМАРОВ,*
*ЦIулда росу*



# Щивго кIочон гьечIо

Гьаб февралалъул къоялда нилъеца ракIалде щвезарула рижараб ракьалдаса рикIкIад жидедаго тIадаб рагъулаб налъи тIубазабулел ракьцоял. ХIурматги реццги буго гьезул щивасе.

ЦIа боркьараб рагъда ва рагъулал тунка-гIусиязда гьез дандчIей гьабуна щцидарагъда хварав рядовой Нухидин ХIажиевасеги.

15 февралалда нижеца цохIого «Афгъанистанал» гурелги ракIалде щвезарула Россиялъул гIорхъабаздаса къватIирехун рагъулал тунка-гIусиязда гIахьаллъарал, 30-ялдаса цIикIкIарал «ЦIа боркьарал рагъазулъ» бахIарчиго къеркьалал тушбабаздаса ракълилал гIадамал цIуниялда, хасго кIудияб Россиялъул тIалабал цIунана ракIбацIцIадго.



Лъабазаргоялдаса цIикIкIарав дагъистанияс нахъа тана Афгъанистаналъул рагъулаб нух. Гьеб рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гвардиялъул сержант ГIабас Исрафиловасе хун хадуб кьуна Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар. Гьелдаса таманалго сонал ун хадуб Россиялъул Федерациялъул БахIарчиясул цIар кьуна рал рагъухъабазулги цIарал.

Нилъер солдатазгун офицераз кидаго бихьизабуна ВатIаналде бугеб рокьи, рагъулаб бахIарчилъи, жидедаго барахщунгутIи, профессионалияб лъай буголъи.

ГьабсагIаталдаги россиялъул рагъухъабаз, жидеего бокьун бихьинчилъиялда дандечIей гьабулеб буго цIиял ахIиязде, цIунулеб буго ритIухълъи ВатIаналъул тIалабалги тIуразарулаго, ракIалде щвезарулел руго улкаялъул бахIарчиял ишазулги.

## *Авар кицаби ва абиял*

- МегIер радал беге, гIор къаденахъе бахе.
- МегIергун барщун гIанкI тIубаларо.
- Месед балагьизе арав бухъулаго хваравила.
- Месед хъванилан хьирмил багьа холаро.
- Меседил кверазул багьа гьечIеб, гьел ричун росизе щоларел.
- Метер гьабулеб жоялде жакъа ургъе.
- Метер гьабилилан хIалтIиги тоге, регIараб мехалъ гьабилилан гIаданлъиги тоге.
- Метер кунеб мохмохалдаса жакъа кунеб гьоэр лъикIаб.
- Метер къоялъул хIисаб гьабичIев нахъа пашманлъула.
- Метер семиялдаса жакъа рагьи лъикIаб.
- Минуталъ нахъа хутIарав сагIаталъ хадув гьоларев.
- Мискинлъиялъе дару хIалтIийила, хIинкъиялъе дару таваккалила.
- МичI бекьаралъуб – мичI, жухI бекьаралъуб – жухI.
- МичIчIил кьолбода кьагIрил тIегь баларо.
- Могьой гьали, гьанай кватIи.
- Мокъиде хъазги бахинабун, хIелкида къинлъеян абуге.
- Мокъокъида чIор речIчIани, чIоролида зунула.
- Мокърукь бетIер тункичIого, гIадамасда гIакълу щоларо.
- Мохмохида нах бахунге.
- Мохмохиде хьул лъун, хьолбодаса ватIалъуге.
- Мохмохил маргьа бице, дада, мохмох кварал гIадин рукIине.
- МоцI нилъехъан бугони, цIвабзазул ургъел кколаро.
- МочIолъан рагIи бугин, рагIал чIван вилълъа.
- Мугъ биччичIого, хур биччуларо.
- Мугъ чIвазе къед бугони, зарул тирхи букIуна.
- Мугъалъ баччиялдаса чехьалъ баччи лъикIаб (квен).
- Мугъзада чед букIаго, чехь бакъизе биччаге.
- МугIрул гIин цIодораб, гIалхул бер цIодораб.
- МугIрул каву гIатIидаб.

# Бихьинчилъиялъул дарсал



«ЧIарада район» МОялда терроризмалъул идеологиялде данде чIараб Комплексияб программаялъул тадбирал тIуралаго ЦIуриб школалъул 9 классалъул васазда гьоркьоб тIобитIана «Уроки мужества» абураб спортивияб хIаялъул конкурс.

Гьел гIуцIун рукIана экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялъул профилактикаялъул отделалъул специалист Маржана МухIамадовалъул ва ЦIуриб школалъул социалияй педагог ГIайшат Юсуповалъул жигаралдалъун.

Тадбир тIобитIилалде цIалдохъабаздехун гьабуна бичIчIи кьеялъулаб гара-чIвари. Гьелъул мурад букIана лъималазе патриотияб тарбия щвей, церехун нилъер халкъалъул рукIарал бахIарчиял ишал рекIелъ цIунун хутIизари, ВатIаналдегун гIадамаздехун рокьи цIикIкIинаби, гьез ракьалда рекъел цIуниялъе гIоло гьарурал ишал ракIалде щвезари.

Конкурс байбихьана лъималазда гьоркьоб викторина хIаялдаса. Хадур тIоритIана спорталъул къецал. Щибаб командаялъул цIалдохъабаз жигар бахъулеб букIана дандеяздаса бергьине.

ХIай лъугIун хадуб экстремизмалдегун терроризмалде данде чIараб профилактикияб отделалъул специалисталъ бергьарабгун кIиабилеб командаялъулазе кьуна гIарцулал сайгъатал.


**ЧIАРАДА**
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**


*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хьван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*